Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 29 (6661) 1 июль 2019 с. Итни Шаввал 1440 с. Багьа эркенаб

СИЯСАТ

## ХIажат руго... комбайн ва медикиял алатал

**Бакълъулазул районалда тIобитIана районалъул Собраниялъул иргадулаб сессия**

**26 июналда Россиялъул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул Собраниялъул депутатазул иргадулаб сессия.**

Сессиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместителал МухIамад Хъарагишиев, Малик Маликов, районалъул Собраниялъул депутатал, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутIрул ва цогидалги. Сессия рагьана ва бачана районалъул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас.

Гьоркьор лъуна: районалъул росдал магIишаталъул ракьал хIалтIизарида пайда боси, гIи-боцIуда бахъулел продукция, бачIин цIикIкIинабиялъе гьаризесел тадбиразул.

Гумбет районалда гIадамазе медицинаялъулаб хъулухъ гьабиялъул бугеб хIал ва Дагъистан Республикаялъул бетIерасул «Сахлъи цIуни» приоритетнияб проект гIумруялде бахъинабиялъе гьаризесел тадбиразул.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул 2019 соналъе ва 2020-2021 сонаze бюджеталда хиса-басиязул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

ТIоцебесеб суалалда хурхун кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов. Гумбет район ккола росдал магIишаталъул районлъун,-ян абуна гьес. Ахирал соназда гIатIид гьабуна гIемерсоназулаб культураби рекьулеб ракь. ХIадурулеб буго хасалоялде гIи-боцIуе гIунги тIокIаб ргIи-хер, амма тIадегIанаб бачIин бакIариялъе хIажат буго агротехническиял тадбирал тIоритIизе.

Гьаб соналъул 9 маялда горогун бараб цIадалъ Гъоркь Инхо, ТIад Инхо, ЧIикь ва Кидалъ росабалъ 120 гектар ракьалъе зарар ккана. Кумек гьаби мурадалда ДРялъул росдал магIишаталъул министерстволде, гьеб лъугьа-бахъиналда хурхун, киналго хIажатал документал ракIарун ритIана.

Районалда буго кIиго тайпадулаб магIишат «Мехельтинский» СПК -3829 ва «ГIияхъанлъи» КФХ-3220 бетIер гIи-цIаназул бугеб. ТIадеги гIуцIулеб буго «Чед» КФХ-2550 бетIер гIи-цIаназул бугеб. Гьел магIишатал щибаб соналъ гIахьаллъула республикаялда, ТIолгороссиялда тIоритIулел выставкабазда ва ккола мустахIикъаб бакI.

КIиабилеб суалалда хурхун кIалъазе вахъарав районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев МухIамадхIабиб Абакаровас бицана специалистал хIадуриялъе ва гьезул лъай борхизабиялъе хадуб ккунги хIалтIи гьабулеб бугилан. Гьаб соналда «Земский доктор» программаялда рекъон хIалтIуде росана тохтурзаби инфекционист ва эпидемиолог.



ГIатIидго хIалтIизарулел руго онкологиялъулал унтабазул хал гьабулел цIиял къагIидаби. Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазул теоретикияб ва практическияб лъай борхизаби мурадалда тIоритIула семинарал ва конференциял.

Анкьида жаниб 2 нухалда, больницаялъул материалиябгун техническияб база щулалъи мурадалда, Буйнакск шагьаралъул ЕКДЛалде ритIула анализал,-ян бицана МухIамадхIабиб Абакаровас.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул уставалда хиса-басиял ва тIадежураял гьариялъул хIакъалъулъ бицана районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас. «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2019 соналъе, 2020 ва 2021 сонаzул плановияб заманалъе бюджеталда гьаризе хIисабалде росарал хиса-басиязул бицана райадминистрациялъул финансазул отделалъул аслияй махщалилай НасайхIат Исубовалъ.

Гьоркьоб лъураб щибаб суалалда хурхун депутатаз киналго разилъун хIукмабиги къабул гьаруна.

**Хадижат Мазгарова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ЖамгIиябгун экономикияб паспорт

**Бакълъулазул районалъ гIахьаллъи гьабулеб буго «Спорт – гIумруялъул норма» федералияб проекталда**

**24 июналда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана «Спорт-гIумруялъул норма» федералнияб проекталда гIахьаллъиялъул, гьединго цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзаби ва цогидалги.

(Ахир-киабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ХьвагIараб хвалчаца чаран къотIулел Чамасул квералдай ракьулъе ккарал...

-2 гьум.



Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов гIахьаллъана ГIиса аварагасул (гI.с.) цIар къураб РухIияб центр баялда

-2 гьум.



1941 соналъул 22 июналъул лъалкIал...

-2-4 гьум.



Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

3 стр.

# ЖамгIиябгун экономикияб паспорт

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)
Данделъи рагъана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалда пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ 122 гражданинасе гьабунин.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав врачасул ишал тIуралев МухIамадхIабиб Абакаровас бицана больницаялда сах гьавулев вугин 74 унтарав, муниципалитеталъул сахлъи цIуниялъул учреждение хIалтIулеб буго штатнияб низамалда. Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслиябмахщалилав Сурхай Сурхаевас бицана ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъул экзаменазул иналъул.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас баян кьуна хъутабазда хасел бекь – ролъ, пурчIина бакIариялъул, хьачIаб рагIихер хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул. Районалъул хьиндаллъиялъул росабазул ахихъабаз гьанжеяде 150 гIанасеб тонна курак бичанин.

Бакълъулазул районалъ гIахьаллъи гьабулеб буго «Спорт-гIумруялъул норма» федералияб проекталда. Гьеб проекталъул «ГIисинал спортивиял байдаби лъе» программалда рекъон муниципалитеталъул спортивияб инфроструктура цIи гьабизе буго. Гьелъул хIакъалъулъ баян кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас. Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас бицана «РакIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул» кьоялда хурхун тIоритIарал тадбиразул.



Районалъул администрациялъулэкономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъулотделалъул нухмалъулев Шамил Салатгереевас баян кьуна район социалиябгун экономикияб рахьалъ цебетIеялъе паспорт гIуцIиялъул.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва абуна хехго тIуразе ккелел суалазде кIвар буссинабизе ва жавабчилъиялда хIалтIизе кколин.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БАРКИ

## 3 июль – ГИБДДялъул хIалтIухъабазул байрамкъо

**ХIурматиял нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул Пачалихъияб инспекциялъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда махщалилаб байрам!**

Сордо-къо батIалъи гьечIого, багIарараб бакъукьги, балеб цIадакьги, хасало гIазо балеб заманалдаги нужеца тIубазабула нухазда дежурство гьабиялъул хIалтIи, квербакъи гьабула гьоркьоб къотIи гьечIого нухазда автотранспорт хьвадиялъе, авариял ккей гьукъиялъе, хIажалъи ккаралъуре кумекалъе тIоцере уна. Нужеца цIунула нухаздасан хьвадулезул гIумру ва сахлъи. Ккогеги нухазда автоавариял, бачIунгеги рахIат хвараб хабар лъилго рокьобе. Тавпикъ кьеги хадубккунги нужерго намуси районалъул цIарги бацIцIадго цIунизе.

Гьарула нухазда гIодобе биччараб ахIвал-хIал, ГИБДДялъул хIалтIухъабазе ва ветеранaзе, гьезул хъизабазе сахлъи, талихI-рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов гIахьаллъана ГIиса аварагасул (гI.с.) цIар кьураб РухIияб центр баялда

### Бахъараб хIаракат Аллагьас къабул гьабеги!

**22 июналда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гIахьаллъи гьабуна ГIиса аварагасул (гI.с.) цIаралда бугеб рухIияб центр ва МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) цIаралда бугеб мажгит баялъул хIалтIабазда.**



«Бакълъулаз гIахьаллъи гьабулеб буго ГIиса аварагасул (гI.с.) цIаралда бугеб рухIияб центр ва МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) цIаралда бугеб мажгит баялда. Божилъияб инсанасе кумек гьабула жамгIияталъе пайдаял ишал тIуразарулаго гIумру тIамизе, гьелъ гIадамал берцин гьарула, гьел лъикIаллъун, рацIцIадаллъун лъугьинарула. Дагъистаналъул рухIияв цевехъан, республикаялъул муфтий, шайих АхIмад Афандияс халкъалъе динияб лъайкьеялъул нус-нус проектал рахьана. Муфтиялъ кIвар бугел гIемерал тадбирал тIоритIула. Республикаялъул рухIиял церехъабазул хIаракаталда гIумруялде рахьинарула гурхIелрахIмуялъул анцI-анцI социалиял программаби»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Бакълъулаз тIаде босун букIана МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) цIаралда бугеб мажгиталъул А8 блокалъул тIох гьабиялъул хIалтIи. ГIиса аварагасул (гI.с.) цIаралда бугеб рухIияб централъул вакилзабаз районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасухъе ва муниципалитеталъул имам Шамил Назировасухъе кьуна гьеб объект баялда бакълъулаз гIахьаллъи гьаби тасдикъ гьабулеб сертификат. Гьеб тадбиралда гьединго гIахьаллъана Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Макашарипов, муниципалитеталъул администрациялъул ва районалъул поселениязул жавабиял хIалтIухъаби.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## ХьвагIараб хвалчаца чаран къотIулел Чамасул кверaлдай ракьулъе ккарал...

### РакIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къо тIобитIана

**21 июналда Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъ тIобитIана ракIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул кьоялда хурхун митинг. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъиялъул вакилзабаз, учреждениязул ва гIуцIабазул, медицинаялъул хIалтIухъабаз, жамгIиял гIуцIабазул вакилзабаз ва цогидазги.**



Тадбир байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда райцентралда бараб памятникалда цере тIугьдул лъеялдасан.

Тадбир рагьулаго районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна: «1941 соналъул 22 июналда фашистазулаб Германия нилъер улкаялда тIаде кIанцIана божа-гьоркье, рагъ лъазабичIого, цебеккун СССРалда ва Германиялда гьоркьоб гьабураб къотIиги хвезабун. 22 июналда нилъеца ракIалде щвезарула ВатIан цIунулаго рагъда хварал бахIарчиял рагъухъаби».

Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан саламалъулал рагIаби абуна данделъаразде, ракIалде щвезабуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босиялъулъ бакълъулаз ва кинално дагъистаниязлъураб бутIа.

78 сон цебеккун, 1941 соналъул 22 июналда, тIаде кIанцIизе гьечIолъиялъе хъвараб къотIиги хвезабун, нилъер улкаялда рагъ байбихьана гитлерилаб Германиялъ. 5 миллион чи вугел аскаралгун, божа гьоркье фашистал СССРалда тIаде кIанцIана 1941 соналъул 22 июналда радал сагIат ункъгоялда. Чияр ракьал рахъулезда бахIарчияб дандечIей гьабуна советияб халкъалъ, гитлерил хъамалчагIи кьезаруна, гьезул планал гIумруялде рахьине течIо. тIолабго халкъ багъана ва хIалтIана «Кинабго-фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе» гIоло абураб ахIиялда гьоркь.

Дагъистаниязда цадахъ бакълъулазги лъуна кIудияб бутIа рагъда бергьелъи босиялъулъ. Дагъистанияз бакIарана имам Шамилил цIаралда бугеб танковияб колоннаялъе сурсат, гьединго гIуцIана «Дагъистаналъул комсомолец» бронепоезд.

КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъана 1380 бакълъулав, ВатIаналъе гIоло рухI кьуна 866 рагъухъанас. Бакълъулал бахIарчилъи бихьизабуна рагъана, гIемерисел мустахIикъалъана орденазе ва медалазе. БагIараб цIва орденалъул кавалер снайпер Хъарамирза Жаватханова тIагIинавуна 200ялдаса цIикIкIун фашист. Гьесул рагъулал бергьенлъабазул хIакъалъулъ Совинформбюроялъул баяназда Юрий Левитаница гIемер бицана, кучIдул, очеркал хъвана»,-ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Митингалда гIахьаллъараз рагъда хварал ракьцоязул рухIазе дугIа гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## 1941 соналъул 22 июналъул лъалкIал...

### Отав-Тюбе росулъ тIобитIана «Умумул ракIалде щвеялъул къо» акция

**22 июналда Бабаюрт районалъул Отав-Тюбе росулъ бугеб бакълъулазул районалъул Ингишо росдал магIишаталда тIобитIана рухIиябгун лъайкьеялъул «Умумул ракIалде щвеялъул къо» акция. Гьеб тIобитIана ракIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул кьоялъул хIурматалда.**

Гьеб тадбиралда кIалъазе рахъана ДРялъул муфтиясул тIоцевесев заместитель ГIабдула Аджимоллаев, Бакълъулазул районалъулбетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, ДРялъул муфтиятальул Севернияб территориалияб округалда ихтияр кодосев вакил Абусуфьян Къадиев,

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

26. 06. 2019 г. № 89 **Решение** с. Мехельта

**Об утверждении порядка представление главным распорядителем средств бюджета МР «Гумбетовский район» в администрацию МР «Гумбетовский район» информации о совершаемых действиях, направленных на реализацию муниципальным образованием права регресса, либо об отсутствии оснований для предъявление иска о взыскании денжных средств в порядке регресса**

В соответствии с абзацем пятым части 4 статьи 242.2 Бюджетного кодекса РФ, пунктом 3.1 статьи 1081 Гражданского кодекса РФ, Уставом муниципального района «Гумбетовский район» Собрание депутатов МР «Гумбетовский район» решило:

1.Утвердить прилагаемый Порядок представления главным распорядителем средств бюджета муниципального района «Гумбетовский район» в администрацию муниципального района «Гумбетовский район» информации о совершаемых действиях, направленных на реализацию муниципальным образованием права регресса, либо об отсутствии оснований для предъявления иска о взыскании денежных средств в порядке регресса.

2.Опубликовать настоящее решение в официальном печатном издании и разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Гумбетовский район» в информационно-телекоммуникационной сети Интернет.

3. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Глава МР «Гумбетовский район» Х.С. Магомедов**
**Председатель собрания депутатов М.М. Ахмедов**

**Утвержден решением собрания депутатов МР «Гумбетовский район» от 26. 06. 2019 г. № 89**

**Порядок представления главным распорядителем средств бюджета МР «Гумбетовский район» в администрацию МР «Гумбетовский район» информации о совершаемых джействиях, направленых на реализацию муниципальным образованим права регресса, либо об отсутствии оснований для предъявления иска о взыскании денежных средств в порядке регресса**

1.Настоящий Порядок устанавливает правила представления главным распорядителем средств бюджета МР «Гумбетовский район» в администрацию МР «Гумбетовский район» (далее по тексту - Администрация) информации о совершаемых действиях, направленных на реализацию муниципальным образованием права регресса, либо об отсутствии оснований для предъявления иска о взыскании денежных средств в порядке регресса.

2.Администрация в течение 15 календарных дней со дня исполнения за счет казны муниципального образования судебного акта о возмещении вреда уведомляет об этом главного распорядителя средств бюджета муниципального образования (далее - главный распорядитель).

3.В течение 3 рабочих дней со дня получения уведомления главный распорядитель при наличии оснований для предъявления иска о взыскании денежных средств в порядке регресса направляет в Администрацию запрос о предоставлении копий документов (платежных поручений), подтверждающих исполнение Администрацией за счет казны муниципального образования судебного акта о возмещении вреда.

4.Копии документов (платежных поручений), подтверждающих исполнение Администрацией за счет казны муниципального образования судебного акта о возмещении вреда, направляются Администрацией главному распорядителю в срок, не превышающий 15 календарных дней со дня поступления запроса, указанного в пункте 3 настоящего Порядка.

5.Информация о совершаемых действиях, направленных на реализацию муниципальным образованием права регресса, либо об отсутствии оснований для предъявления иска о взыскании денежных средств в порядке регресса представляется главным распорядителем в Администрацию ежеквартально не позднее 25 числа месяца, следующего за отчетным кварталом, в форме электронного документа, подписанного усиленной квалифицированной электронной подписью руководителя главного распорядителя или уполномоченного им лица, либо в виде документа на бумажном носителе, подписанного руководителем главного распорядителя или уполномоченным им лицом.

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Игалинский”»

**Р Е Ш Е Н И Е**

**от «25» марта 2019 г. № 3 с. Игали**

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Игалинский”» за 2018 год**

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Игалинский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет «“Игалинский» за 2018 год Собрание депутатов:

**РЕШАЕТ:**

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Игалинский”» Гумбетовского района за 2018 год:

- по доходам в сумме 6281,0 тыс. рублей, согласно приложении №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 6754,7 тысяча рублей, согласно приложении №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2018 года является остаток бюджетных средств 01.01.2018 г -173,1 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания Г.Н. Магомедов**

**Приложение №1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» от 25 марта 2018 №3**

**Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» за 2018 год**

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2018 год | Фактически исполнено за 2018год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 86,0 | 84,5 | 98,3 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 154,0 | 154,4 | 100,3 |
| Единый сельскохозналог | 18210503010011000110 | | | |
| Земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 279,0 | 160,8 | 57,6 |
| Пеня на земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог(пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0 | 0 | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 519,0 | 460,7 | 88,8 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 5149,0 | 6506,7 | 126,4 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП - | 00120201001100000151 | 4679,0 | 4679,0 | 100,0 |

**(Продолжение-на 4 стр.)**

(Начало-на 3 стр.)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Субсидии в.т. числе | | 470,0 | 1827,7 | 388,9 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000151 | 0 | 400,0 | |
| Инные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнении переданных полномочий | 00120204014100000151 | 0 | 814,0 | |
| Недофинансирование за декабрь 2016г. | | 334,0 | 443,0 | 132,6 |
| Субвенции | | 136,0 | 170,7 | 125,5 |
| ЗАГС | в том числе | 15,0 | 10,3 | 68,7 |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 121,0 | 160,4 | 132,6 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 5668,0 | 6967,4 | 122,9 |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Игалинский"» от 25 марта 2018 №3**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет "Игалинский"» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2018год | Кассо вые выплаты за 2018 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **6823,1** | **6754,7** | **99,0** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **2584,3** | **2528,6** | **97,8** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2584,3 | 2464,6 | 95,4 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **160,4** | **160,4** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 160,4 | 160,4 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **393,0** | **393,0** | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 393,0 | 393,0 | 100,0 |
| ЗАГС | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | **10,3** | **10,3** | **100,0** |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **2214,5** | **2201,9** | **99,4** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 2214,5 | 2201,9 | 99,4 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **1298,0** | **1298,0** | **100,0** |
| *Культурно - досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 1298,0 | 1298,0 | 100,0 |
| **Социальная политика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **98,6** | **98,5** | 99,9 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | 98,6 | 98,5 | 99,9 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **64,0** | **64,0** | **100,0** |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **0,0** | **0,0** | **0,0** |

# 1941 соналъул 22 июналъул лъалкІал...

**(Байбихьи-кІиабилеб гьум.)** Бабаюрт районалъул имам Ирамдин Мухажиров, Дагъистаналъул муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гъизляр районалда нухмалъулев ГІабдула ГІабидов, Ингишо росдал бетІер Камалудин Бибулатов, Отав-Тюбе росдал имам АхІмад Къураев ва цогидалги.




«Гумбеталъул гІолилазул центр» МКУялъул, «Гумбет районалъул гІолилал» ДРООялъул, Муфтияталъул Бабаюрт районалда бугеб отделалъул рахъкквеялдалъун тІобитІана акция.

Тадбиралда гІахьаллъана гІатІи ракьалде гочарал бакълъулал. Хъутабазда ругел магІишатазда гІумру тІамулезда гьоркьоб тІобитІана спорталъул миллиял тайпабазул турнир. Къецал гІуцІана 100 метралъ рекери, гІебеде кІанцІи, кварида цІай, чІорбутІалъ речІчІи ва цогидалги спортивиял хІаяздасан.

**«Гумубет» РИО**

**ЗИГАРАБИ**

**Гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала, ЦІияб Аргъвани участковияб больницаялъул бетІерав тохтур Ибрагьим ХІайбулаев захІматаб унтудаса хадув гІумруялдаса ватІалъиялда бан, гьесул хъизан-лъималазда, гІагарлъиялда.**

**Хварасе Алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гІумруги кьеги.**

**ХІажи ХІусенов,**
**Роза ГІабдурахІманова**

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІиялъул хІалтІухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Марям МухІамадовалда эмен ГІабдукамил Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Аллагьас ахират лъикІаб кьеги хварасе.**

БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.